

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Basa mangrupa alat komunikasi anu disusun dina wangun satuan, saperti kecap, kelompok kecap, klausa, jeung kalimah anu diébréhkeun boh sacara lisan boh tulisan.

Basa, kaasup basa Sunda, mangrupa salasahiji kamampuh dasar jeung alamiah anu dipaparinkeun ku Gusti ka manusa. Basa anu aya dina diri manusa dipatalikeun jeung kabudayaan. Basa mangrupa unsur kabudayaan jeung mangrupa wahana pikeun ngariksa jeung ngamekarkeun kabudayaan.

Pangajaran basa Sunda mangrupa salah sahiji pangajaran basa daérah anu kudu diwulangkeun di sakola nu aya di sakuliah Jawa Barat. Payung hukumna téh dirojong ku ayana Peraturan Gubernur Jawa Barat (Pergub-69-Tahun-2013-mulok-bahasa-daerah t.t.) ngeunaan *Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa dan Sastra Daerah pada Jenjang Satuan Pendidikan Dasar dan Menengah*, dina pasal 3, anu eusina yén basa jeung sastra daérah wajib diwulangkeun dina sakabéh jenjang atikan dasar jeung menengah salaku muatan lokal. Ditambahan deui ku Keputusan Kepala Dinas (Disdik Jabar, 2022) Nomor 32817/Pk.05.02/Sekre/2022 ngeunaan *Capaian Pembelajaran Muatan Lokal Bahasa Sunda PAUD, SD, SMP, SMA, SMK, SDLB, SMPLB, dan SMALB*. Sangkan pangajaran dina unggal jenjang atikan dasar jeung menengah di Jawa Barat ngaronjat kualitasna. Dina raraga hal pisan ku kituna ieu aturan dijieunn, taya lain pikeun ngamaksimalkeun dipakéna potensi basa jeung sastra daérah ngaliwatan pangajaran di unggal jenjang atikan.

Hadiansah (2022, kc.82) nétélakeun yén capaian pembelajaran (CP) mangrupikeun kompetensi jeung karakter anu mangrupa hasil *internalisasi* aspek (pangaweruh, kaparigelan, sikep) sarta gumulungna pangalaman anu

dipiharep bisa kacangking (dipiweruh, paham, jeung dipigawé) ku siswa sanggeus ngaréngsékeun hiji période diajar.

Salasahiji capaian pembelajaran anu aya di fase F nya éta siswa mampuh nepikeun informasi atawa amanat (gagasan, pikiran atawa rasa) jeung kréativitas ngagunakeun basa Sunda dina jenis téks tinulis non fiksi kalawan bener, logis, kritis, kréatif jeung santun pikeun tujuan nu tangtu. Ieu CP téh bisa dilarapkeun dina matéri ésénsial “nulis laporan lalampahan”.

Pangajaran basa Sunda dina Kurikulum Merdeka mérédih siswa pikeun mampuh nulis. Kaparigelan nulis mangrupa salasahiji kaparigelan anu miboga pangaruh kana ngaronjatkeun kamampuh siswa, salian ti kaparigelan ngaregepkeun, nyarita, miarsa jeung maca. Siswa dipiharep bisa kréatif dina ngébréhkeun ide jeung gagasanna dina kerangka mikir anu logis tur sistematis nalika nulis.

Nurutkeun Syihabuddin (2018, kc.v) nulis téh nya éta ngadidik, hususna ngadidik diri sorangan. Ngaliwatan tulisan, anu nulis bakal sadar yén manéhna téh henteu apal atawa ngan ukur nyaho ngeunaan sababaraha hal. Ku kituna, kasadaran kana héngkérna pangaweruh éta téh bakal ngadorong jalma pikeun maluruh, nanyakeun, diajar jeung ngalaksanakeun kagiatan ilmiah anu séjénna.

Hanjakalna pangajaran nulis di sakola dianggap pangajaran anu hésé ku siswa. Kabuktian ku pangalaman panalungtik, salila ngawulangkeun basa Sunda di SMA, dina mangsa asup kana élemén nulis, siswa leuwih loba ngalamunna dibandingkeun jeung kagiatan nulisna.

Héngkérna kamampuh nulis siswa téh bisa dipangaruhan ku rupa-rupa faktor, di antarana waé:

1. héngkérna tingkat *penguasaan* kosa kata balukar tina kurangna minat maca.
2. siswa kurang ngawasa kana kaparigelan mikrobahasa saperti ngagunakeun tanda baca, aturan nulis jeung ngagunakeun kelompok kecap, nyusun klausa jeung kalimah kalawan struktur nu bener, nepi ka nyusun paragraf.

3. héséna néangan métode jeung téhnik pangajaran nulis anu luyu jeung kaayaan tur kamampuh siswa.
4. kawatesananana média pangajaran nulis nu éféktif.

Saluyu jeung éta hal, masih kénéh réa siswa nu nganggap yén kagiatan nulis téh matak bosen jeung teu pikaresepeun.

Guru kudu bisa ngajalankeun peran sacara hadé sangkan siswa bisa ngahontal tujuan pangajaran. Ku kituna, guru salaku fasilitator kudu bisa ngaronjatkeun kamampuhna pikeun ngungkulan kualitas pangajaran. Satékah polah guru kudu ngaronjatkeun kualitas pangajaranana kaasup dina pangajaran nulis laporan lalampahan, di antarana milih métode atawa téhnik pangajaran nu saluyu jeung kondisi siswa tuluy ngamekarkeun pangabisana. Jadi, pangajaran téh kudu lumangsung kalayan museur ka siswa (*student centered*).

Roestiyah (dina Kalsum Nasution, 2017, kc. 10) nétélakeun yén proses diajar merlukeun strategi ti para guru sangkan siswa bisa diajar kalawan éféktif jeung éfisién keur ngahontal tujuan nu dipiharep. Numutkeun Mujiono (dina Iskandarwassid & Sunendar 2016) yén stratégi diajar nya éta kagiatan diajar pikeun narékahan konsisténsi antara aspék jeung komponén anu ngawangun sistem pangajaran. Ku kituna, dina prosés pangajaran guru dipiharep ngagunakeun stratégi anu tangtu. Salasahiji pakakas pangajaran anu patali jeung strategi pangajaran nya éta métode pangajaran minangka pakakas pikeun ngahontal tujuan pangajaran.

Métode karyawisata nya éta cara nepikeun matéri pangajaran ku cara ngajak siswa sacara langsung kana objék anu rék ditalungtik sarta éta objék téh kapanggihna di luar kelas. Patali jeung kagiatan diajar ngajar, anu dimaksud karyawisata nya éta siswa bakal ngulik objék di luar kelas. Istilah métode karyawisata téh dipaké dina mata pelajaran salian ti pangajaran bahasa jeung sastra, lantaran dina pangajaran bahasa jeung sastra mah kaasup kana téhnik.

Basennang Saliwangi (dina Sudaryat, Y. 2017, kc.122), nétélakeun yén dina pangajaran bahasa jeung sastra, karyawisata téh kaasup kana téhnik pangajaran, kalawan maké istilah widyawisata. Sudaryat (2017, kc 123)

nétélakeun téhnik widyawisata nya éta cara nepikeun pangajaran kalawan ngadatangan hiji tempat di luar kelas.

Réa pisan sakola ti mimiti jenjang atikan dasar saperti PAUD nepi ka atikan menengah luhur anu ngalaksanakeun kagiatan pangajaran maké métode karyawisata atawa téhnik widyawisata. Éta kagiatan karyawisata téh dilaksanakeun ku sakabéh siswa sacara rutin. Anu jadi tujuan tempat karyawisatana varéatif pisan, bisa ka tempat anu aya patalina jeung alam, kayaning gunung, basisir, curug, jeung taman nasional, atawa bisa ogé mangrupa tempat jieunna manusa kayaning musium, taman hiburan, tempat sajarah, jeung situs arkéologis.

SMA Negeri 1 Lembang kaasup sakola anu rutin ngayakeun kagiatan pangajaran maké métode karyawisata atawa téhnik widyawisata. Malah éta sakola ngayakeun karyawisata saloba dua kali. Anu kahiji biasana ngadatangan tempat anu aya di jero provinsi Jawa Barat, anu kaduana di luar provinsi Jawa Barat. Tempat tujuan éta kagiatan biasana aya patalina jeung budaya saperti musium, Kampung Adat, karaton atawa situs arkéologis tangtu waé ditambahan ngadatangan taman hiburan, anu mangrupa déstinasi tambahan sangkan siswa henteu ngarasa bosen.

Saupama ditingali saliwatan, siswa tangtu ngarasa bungah jeung antusias milu ieu kagiatan karyawisata, sabab bisa diajar di luar kelas jeung méré pangalaman anyar pikeun maranéhna. Hanjakalna ieu kagiatan can dilarapkeun sacara maksimal salaku salahsahiji métode atawa téhnik pangajaran.

Kagiatan pangajaran anu maké métode karyawisata ieu téh di SMA Lembang mah ngagunakeun istilah saba budaya. Asal kecapna téh, saba anu hartina nganjang: ninggalkeun imah rék barangsiar. Budaya ringkesan tina dua kecap “budi” jeung “daya” anu hartina usaha, karep, pikiran jeung parasaan jelema guna nambahan kasenangan jeung kanikmatan jelema ku rupa-rupa akal jelema. Anapon wangenan kabudayaan nurutkeun KBBI nya éta hasil kagiatan manusa jeung ciptaan batin (akal budi) manusa, saperti kapercayaan, kasenian jeung adat istiadat. Kagiatan karyawisata di SMA Negeri 1 Lembang disebut

saba budaya lantaran lolobana siswa ngadatangan tempat-tempat anu aya patalina jeung wisata budaya, kayaning Kampung Adat Naga di Tasikmalaya jeung kungsi ogé ngadatangan Karaton Kasepuhan anu aya di Cirebon.

Kagiatan saba budaya mangrupa kagiatan anu bisa ngahudang karep siswa pikeun mikacinta jeung mikareueus kana budayana. Ieu kagiatan téh mangrupa salasahiji bagéan tina karyawisata. Tujuanana sangkan siswa bisa leuwih nyangkem ngeunaan sagala unsur budaya di tempat anu didatangan.

Réa panalungtikan anu ngaguar perkara métode karyawisata dina kagiatan pangajaran di sakabeh jenjang atikan. Saperti panalungtikan anu dilaksanakeun ku Qonita Luthfiah, Dewi Sartika (2021) anu judulna "Métode Pembelajaran Karyawisata Candi Muaro Jambi: Pengaruh Hasil Belajar Siswa pada Muatan Pembelajaran IPS di Sekolah Dasar". Kacindekan tina éta panalungtikan nya éta aya pangaruh kana pangajaran IPS ngagunakeun métode karyawisata kana hasil diajar siswa ditandaan ku ngaronjatna peunteun siswa anu signifikan. Aya ogé panalungtikan anu dilaksanakeun ku Juremi S.M. (2022) judulna "Persépsi terhadap Pemanfaatan Pulau Lapang sebagai Media Belajar Berbasis Karyawisata dalam Pembelajaran Biologi di MAN 2 Alor". Kacindekan tina éta panalungtikan nya éta, yén pangajaran *berbasis* karyawisata ngagunakeun média anu kapanggih dina waktu karyawisata di Pulo Lapang bisa numuwuhkeun kamampuh siswa dina ngébréhkeun pamadeganana ngeunaan patalina antara atikan, ékologi, ékonomi, pariwisata jeung budaya sarta siswa ogé miboga kahayang pikeun ngamangpaatkeun lingkungan sabudeureunana salaku média pangajaran ku cara ngaéksplorasi lingkungan sacara langsung. Panalungtikan séjén anu dilaksanakeun ku Dian Lufia Rahmawati (2013) anu judulna "Penerapan Métode Karyawisata dalam Pembelajaran Menulis Karya Sastra (Cerpen)" anu nyindekkeun yén métode karyawisata anu dilaksanakeun babarengan dina suasana anu pikaresepeun ngajadikeun siswa mampuh numuwuhkeun karakter dina sosialisasi sakaligus meunangkeun kasugemaan dina diajar.

Panalungtikan-panalungtikan saméméhna anu matalikeun téhnik saba budaya (widyawisata) jeung laporan lalampahan can kungsi aya. Anapon panalungtikan patali jeung laporan lalampahan di antarana wae dilaksanakeun ku Wulandari Saputri (2014) “Téhnik Pangajaran Think-Talk-Write (TTW) pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Ngagunakeun Tatakruma Basa Sunda dina Nulis Laporan Lalampahan”. Hasilna yén téhnik TTW dina nulis laporan lalampahan bisa digunakeun. Aya ogé panalungtikan anu dilaksanakeun ku Indri Yani Aripin (2016) anu judulna “Modél Pangajaran Induktif Kata Bergambar pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Laporan Lalampahan: (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VIII-B SMP Negeri 16 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)” anu nétélakeun yén sanggeus ngagunakeun modél induktif kata bergambar, peunteun posttest nulis laporan lalampahan kelas VIII-B SMPN 16 Bandung ngaronjat

Dumasar kana kasang tukang di luhur, perlu diayakeun panalungtikan ngeunan pangajaran nulis laporan lalampahan ngagunakeun téhnik saba budaya minangka alternatif pikeun ngawulangkeun matéri nulis laporan lalampahan. Ku kituna, panalungtikan anu judulna “Téhnik Saba Budaya dina Pangajaran Nulis Laporan Lalampahan (Studi Kuasi Ékspérimén ka Peserta Didik Fase F SMAN 1 Lembang Taun Ajar 2024/2025)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, identifikasi masalah anu jadi bahan panalungtikan di antarana waé nya éta:

- a. Héngkérna kaparigelan siswa patali jeung élemen nulis dina pangajaran basa Sunda, salasahijina dina materi nulis lalampahan. Dibutuhkeun ayana panalungtikan métode atawa téhnik pangajaran nu luyu pikeun ngungkulan masalah éta.

- b. Téhnik saba budaya mangrupa bagéan tina métode karyawisata nu can réa ditalungtik, ku kituna dibutuhkeun ayana kajian sacara teleb ngeunaan efektivitasna minangka hiji métode pangajaran.
- c. Sakola sacara rutin ngalaksanakeun kagiatan karyawisata, dibutuhkeun ayana timbal balik ti siswa ngeunaan kagiatan ieu nalika dilarapkeun pikeun jadi bagéan tina téhnik pangajaran.

1.2.2 Rumusan Masalah

Sangkan puguh ambahanana, pasualan anu kaidentifikasi di luhur téh satuluyna dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a. Kumaha kamampuh nulis laporan lalampahan siswa saméméh jeung sanggeus maké téhnik saba budaya?
- b. Naha aya bedana kamampuh nulis laporan lalampahan saméméh jeung sanggeus maké téhnik saba budaya?
- c. Kumaha persépsi siswa Fase F SMA Negeri 1 Lembang kana téhnik saba budaya dina pangajaran nulis laporan lalampahan?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung nu geus dipedar dina rumusan masalah, ieu panalungtikan miboga tujuan, nya éta tujuan umum jeung tujuan husus.

a. Tujuan Umum

Anu jadi tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun nguji éféktif henteuna téhnik saba budaya dina pangajaran nulis laporan lalampahan.

b. Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kamampuh siswa dina nulis laporan lalampahan saméméh jeung sanggeus maké téhnik saba budaya
- 2) bédana kamampuh nulis laporan lalampahan saméméh jeung sanggeus maké téhnik saba budaya
- 3) persépsi siswa Fase F SMA Negeri 1 Lembang kana téhnik saba budaya dina pangajaran nulis laporan lalampahan

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga sababaraha mangpaat nu diwincik jadi dua bagian, nya éta mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis.

a. Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis dina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngajembaran tiori pangajaran basa Sunda dina matéri pangajaran nulis laporan lalampahan, anu dipiharep bisa ngeuyeuban deui métode, pamarekan jeung modél-modél pangajaran anu geus aya sangkan bisa dilarapkeun ku guru dina prosés diajar-ngajar.

b. Mangpaat Praktis

- 1) Pikeun siswa, dipiharep siswa bisa kairut jeung bisa ngaronjatkeun motivasi kaaktifan salila kagiatan diajar ngajar, anu tungtungna bakal ngaronjatkeun hasil diajar hususna diajar nulis laporan lalampahan;
- 2) Pikeun guru, bisa dijadikeun salahsahiji strategi pikeun nyiptakeun pangajaran anu dipikaresep ku siswa sabab siswa dilibetkeun sacara langsung kana proses néangan informasi dina pangajaran;
- 3) Pikeun panalungtik, bisa dijadikeun motivasi sangkan mampuh nyiptakeun, ngararancang sarta ngamangpaatkeun pamarekan jeung modél pangajaran nu aya salaku pakakas pikeun mekarkeun pola pangaweruh, pamahaman, sarta ngarahkeun siswa kana bahan ajar anu pikaresepeun.